

Sentespri a ak Revelasyon

Pa Èldè Jay E. Jensen

Nan Prezidans Swasannidis yo

Sentespri a se twazyèm manm Divinite a, epi, avèk Papa a ak Pitit la, li konn tout bagay.

Pandan m te yon jèn èldè lè m te prèske gen ennan nan chan misyon e pandan m t ap li ekriti yo ak pawòl Apot dènye jou yo konsènan revelasyon ak Sentespri a, m te toudenkou reyalize yon bagay: M pa t gen yon temwayaj pèsònèl, espesyalman sou Papa a ak Pitit Gason an. M te ale nan misyon mwen sou baz temwayaj paran ekstraòdinè m yo. San m pa t janm doute pawòl yo, m pa t janm panse chèche pwòp temwayaj espirityèl pa mwen. Yon jou swa nan mwa Fevriye nan San Antonio, Tekzas, an 1962, m te konnen ke m te oblije konnen pou tèt pa mwen. Nan ti apatman toupiti nou an, m te jwenn yon plas kote m te ka trankilman priye awotvwa, pou mande, “Pè Selès, èske ou la? M bezwen konnen pou tèt pa m!”

Kèk moman apre nan jou swa sa a, m te vin konnen pèsònèlman pou lapremyè fwa nan lavi m, ke Bondye ak Jezi reyèl. M pa t tande yon vwa ki te pale ni m pa t wè okenn èt selès. M te konnen nan menm fason oumenm tou, ou dwe vin konnen an---ki se pa “don ineksplikab Sentespri a” (D&A 121:26) ak lespri revelasyon an (gade D&A 8:1--3), ki pote lapè nan panse m (gade D&A 6:23) ak asirans nan kè m (gade Alma 58:11).

Apati eksperyans sa a, mwen te gen temwayaj rezilta konsèy Alma a pou “reveye epi aktive kapasite [m] yo ... pou teste pawòl [li] yo” (Alma 32:27). Pawòl sa yo oswa semans sa yo te grandi vin tounen pyebwa, anfèt gwo pyebwa temwayaj jeyan. Pwosesis la kontinye avèk plis eksperyans nan pawòl la, ki pwodui lòt pyebwa temwayaj, ki kounyeya vin yon veritab forè baze sou revelasyon atravè Sentespri a.

Sentespri a se yon kado dezire

Lè Sovè a te vizite Lamerik, li te chwazi douz disip. Youn nan mesaj li pou yo ak pèp la sete konsènan Sentespri a. Apre l te fin anseye yo, Sovè a te ale epi l te pwomèt pou l retounen nan demen. Moun yo te pase nuit la ap travay pou rasanble pi plis moun posib pou te tande li.

Disip yo te rasanble pèp la an 12 gwoup pou anseye yo sa Sovè a te anseye yo. Pi gwo pòsyon nan ansèyman yo sete sou enpòtans Sentespri a (gade 3 Nefi 11--18). Epi pèp la te mete ajenou epi yo te priye. Dezi sensè kè yo sete pou yo te resevwa Sentespri a. (Gade 3 Nefi 19:8--9)

Sovè a te parèt devan yo epi l te ranfòse enpòtans Sentespri a lè l te priye Papa a:

“Papa, m remèsye w poutèt ou te bay moun m te chwazi yo Sentespri a; . . .

“Papa, m priye w pou w bay tout moun ki kwè nan pawòl moun sa yo Sentespri a” (3 Nefi 19:20--21).

Baze sou evenman sa a nan Liv Mòmou an, m pi byen konprann poukisa Prezidan Wilfort Woodruff te di “ke don Sentespri a se pi gran don ke lòt te ka resevwa.

[Li] pa rezève pou gason, oubyen apot oswa pwofèt yo sèlman; li pou chak gason ak fi fidèl, ak chak timoun ki ase gran pou resevwa levanjil Kris la” (*Teachings of Presidents of the Church: Wilford Woodruff*, 92004) p. 49).

Revelasyon pote repons nan moman bezwen

Sentespri a se twazyèm manm Divinite a, epi avèk Papa a ak Pitit la, li konn tout bagay (gade D&A 35:19; 42:17). Li gen plizyè wòl enpòtan; pi plis ladan yo se pou anseye ak temwaye konsènan Papa a ak Piti Gason an (gade 3 Nefi 28:11); Lòt wòl li se revele verite nan tout bagay (gade Mowoni 10:5); ak dirije nou pou n fè byen (gade D&A 11:12).

Prezidan Thomas S. Monson se egzanp wòl enpòtan sa a nan dirije pou fè byen. Li suiv egzanp Sovè a “ki te mache toupitou ap fè byen” (Travay 10:38). Li anseye enpòtans pou nou pa inyore yon enspirasyon espirityèl Sentespri a, pou vizite yon moun ak ministre li ak al chèche yon moun.

Men pafwa pa gen yon moun tankou Prezidan Monson, pa gen enstriktè nan fwaye, okenn sè ki disponib pou sèvi nan moman bezwen. Nan kalite sitiyasyon sa yo, mwen rive jwenn konsolasyon ak direksyon nan men Konsolatè a, yon lòt wòl Sentespri a (gade D&A 36:2)..

Pitit pitit gason nou Quinton te fèt avèk plizyè malfòmasyon epi li te manke sèlman twa semèn pou l te viv yon ane, tan kote li te antre sòti lopital. Sè Jensen avèk mwen t ap viv an Ajantin nan moman sa a. Nou te vrèman swete ke nou te la avèk pitit nou yo pou konsole yo e pou jwenn konsolasyon nan men yo. Sete pitit pitit nou ke nou te renmen e nou te vle bò kote li. Nou te ka sèlman priye, epi nou te fè sa avèk fèvè!

Sè Jensen avèk mwen ta p vizite misyonè yo lè nou te resevwa mesaj ke Quinton te mouri. Nou te kanpe nan koulwa yon chapèl e nou youn te anbrase ak konsole lòt. Mwen temwaye nou ke nou te resevwa asirans nan men Sentespri, yon lapè ki depase tout konpreyansyon e ki kontinye jiska jodia (gade Filipyen 4:7). Nou te temwen don ineksplikab Sentespri a nan lavi pitit gason nou an ak bèlfi nou an ak pitit yo ki jis jodia ap pale de moman sa a avèk anpil lafwa, lapè ak rekonfò.

Revelasyon ak Liv Mòmmon an

Menm don revelasyon sa a te enfluyans temwayaj mwen sou Liv Mòmmon an. Mwen li l, etidye l, sonde l, epi fè yon festen avèk li ankò epi ankò. Sentespri a revele m verite li ak divinite li.

Prezidan Gordon B. Hinckley te rele Liv Mòmmon an youn nan kat poto mitan esansyèl Legliz la, lòt yo se Premye Vizyon Joseph Smith la, Retablisman Prètiz la, ak, natirèlman, temwayaj nou konsènan Jezikri, poto mitan prensipal la (gade Efezyen 2:19--21). Li te eksplike “kat gwo don Bondye bay sa yo se poto mitan djannm ki kenbe Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, ansanm ak temwayaj ak konviksyon pèsonèl manm li yo” (“Four Cornerstones of Faith,” *Liahona*, Fev 2004, 7).

Kat don Bondye bay sa yo vin tounen pwen datach lafwa m ak temwayaj mwen, yo chak konfime ban mwen pa revelasyon atravè Sentespri a. Sepandan, pou kèk minit, mwen ta renmen foki sou de nan don fondamantal sa yo---Premye Vizyon an ak Liv Mòmmon an. Li siyifikan ke chak kòmans nan yon anyans famiyal, kote timoun yo te gen bon paran epi yo te jwenn bon ansèyman nan men yo (gade 1 Nefi 1:1). Evenman nan lavi Leyi ak Joseph Smith yo paralèl youn ak lòt (gade 1 Nefi 1 ak Joseph Smith---Istwa 1):

- Chak gen yon bezwen espesifik. Pou Leyi sete sove lavi li ak ak fanmi li anba destriksyon san

mank Jerizalèm e pou Joseph Smith sete konnen ki legliz ki te vrè.

- Chak priye.
- Chak fè yon vizyon sou Papa a Pitit Gason an.
- Chak resevwa yon liv.
- Toulède preche.
- Chak resevwa revelasyon nan men Sentespri a epi pa vizyon ak rèv.
- Finalman, moun mechan te menase yo. Leyi ak fanmi li te kouri epi yo te siviv. Joseph te sibi mati.

Èske li etonan ke misyonè yo envite moun sensè k ap chèche laverite yo pou yo kòmanse etidye Liv Mòmmon an nan 1 Nefi? Liv sa a *ranpli* nèt avèk Lespri Senyè a. Nan premye chapit sa yo gen yon mesaj klè ke revelasyon ak Sentespri a disponib non sèlman pou pwofèt yo men pou papa ak manman ak pitit tou.

Mesaj konsènan revelasyon ak Sentespri a kontinye nan tout Liv Mòmmon an. Verite sa yo te rezime pa Pwofèt Joseph Smith: “Retire Liv Mòmmon an ak revelasyon yo epi ki kote relijyon nou an ye? Nou pa gen okenn” (*Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* [2007], 196).

Antanke Sen Dènye Jou, nou gen temwayaj konsènan Liv Mòmmon an ke nou resevwa pa revelasyon, ki asire nou ke relijyon sa a ak doktrin sa yo vrè (gade entwodiksyon Liv Mòmmon an).

Bagay Lespri yo sakre e yo difisil pou ekspri. Nou deklare, menmjan ak Amon, “Gade, m ap di nou, m pa kapab di ti kal nan sa m santi” (Alma 26:16).

Sepandan, mwen temwaye ke Sentespri a reyèl e li se testatè, revelatè, konsolatè, gid, ak enstriktè diven.

Enbleman mwen rann temwayaj ke Legliz vrè ak vivan sa a, relijyon sa a, chita sou kat poto mitan sa yo. Mwen temwaye ke Jezikri se anfèt poto mitan prensipal la (gade Efezyen 2:19--21). Prezidan Thomas S. Monson se pwofèt Senyè a e 15 mesye yo ki chita dèyè m yo se pwofèt, vwayan, apot, ak revelatè. Yo gen prèttriz sakre a ak kle wayòm nan. Mwen renmen yo, m onore yo, epi m soutni yo, nan non Jezikri, amèn.